



ÈSKE EGZANPSYON HOMESTEAD MWEN AN RENOUVLE OTOMATIKMAN?

Après ou fin aplike pou premye fwa pou Egzanpsyon Homestead la epi yo te apwouve apliaksyon an, li pral fenouvle chak ane, eksepte si gen mèt kay la chanje oswa gen yon chanjman nan itilizasyon elijib pwopriyete ki deklare kòm rezidans prensipal ou an. Chak janvyè, biwo nou an voye nan kourye lapòs yon Avi Renouvèlman Homestead ak “Chanje Kat” bay tout pwopriyete ki deklare kòm rezidans prensipal. Lalwa Florida egzije pou mèt pwopriyete a notifiye Evalyatè Pwopriyete a si gen nenpòt chanjman ki gendwa afekte elijibilite pou rabè homestead la. Kat Change Order Card sa a bay yon fason ki efikas pou kominike chanjman enpòtan sa yo bay biwo nou an.

Si pa gen OKENN chanjman nan itilizasyon epi/oswa nan moun ki mèt pwopriyete w lan, senpman kenbe kat ;a kòm resi pou konfime ke Egzanpsyon Homestead ou an te renouvle otomatikman pou yon lòt ane. Sepandan, si gen chanjman, tanpri make Change Card la kòm sadwa epi voye l tounen nan biwo nou an.

Si non ou pa enprime sou kat sa a, sa vle di ou pa gen pwoteksyon Egzanpsyon Homestead la sou pwopriyete sa a. Ou gendwa sou tit pwopriyete a, men ou p ap resevwa rabè Egzanpsyon Homestead la.

Si ou se youn nan co-pwopriyetè yo, konjwen sivivan an, benefisyè yon twòs (trust) oswa si ou kwè ou gen dwa resevwa egzanpsyon sa a nenpòt lòt fason, ou dwe prezante pwòp aplikasyon pa w pou Egzanpsyon Homestead la pou w ka resevwa benefis la. Si ou gen nenpòt kesyon ki gen pou wè ak lanmò pwopriyete a, Change Card la oubyen ou bezwen èd pou ranpli fòm egzanpsyon Homestead la oswa pou lòt egzanpsyon taks, tanpri vizite wèbsayt nou an nan web.bcpa.net oubyen kontakte Depatman Sèvis Kliyan nou an nan 954-357-6830.

Gen anpil egzanpsyon ki economize taks ki disponib pou moun ki kalifye. Egzanpsyon sa yo ansanm ak egzijans espesifik yo disponib sou wèbsayt nou an nan web.bcpa.net

KIKOTE EKONOMI TRANSFERABILITE (PORTABILITY) MWEN YO FÈ?

Yo afiche yon dediksyon transferabilite sou paj dosye pwopriyete w lan pandan premye ane ou resevwa nouvo Egzanpsyon Homestead ou an. Ekonomi transferabilite a pou premye ane a konstitye labaz nouvo valè Save Our Homes (Sove Kay Nou yo) a epi – lane k ap vini yo – li pral ogmante oswa bese dapre chanjman nan valè jis sou mache a epi dapre limit 3% lan, etandone ke nouvo valè Save Our Homes ou an entegre nan ekonomi transferabilite w yo. Lè n ap mete ajou wèbsayt nou an pou li afiche valè pwopriyete pou ane ki vini apre yo, dediksyon transferabilite w lan p ap afiche apa ankò pakse li deja kalkile nan nouvo valè Save Our Homes ou an.

Si biwo mwen an kapab ede w, tanpri pa ezite kontakte mwen dirèkteman nan 954-357-6904 oubyen voye yon imèl nan martykiar@bcpa.net.

Pòte w byen,



Marty Kiar

Marty Kiar, CFA